*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№152 (26604)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 22 август – майрæмы мæйы 22 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:
2 ФРОНТÆН ÆХХУЫС
Хæстонты фарсмæ æнгом лæууынц
3 НÆ ЮБИЛЯРТÆ
Тускъаты Таймуразы царды диалектикæ
4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
Нæй рохгæнæн хæрзгæнджытæн сæ нæмттæ

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
https://max.ru/id1504031916_gos

Нæ юбилыртæ

# Тускъаты Таймуразы царды диалектикæ

**Цæгат Ирыстоны Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймуразæн абон у йæ юбилей – æххæст ыл кæны 60 азы. Нымæц у нæдæр афтæ бирæ, нæдæр чысыл. Фæлæ, ныхас нæлгоймаджы карыл куы цæуа, уæд уый амоны, адæймаг йæ тæккæ тых æмæ хъаруйы кæй ис æмæ йæ размæ æвæрд хæстæ æмæ нысантæ æххæст кæнын йæ къухы, æнæмæнг, бирæ-бирæ азты ма кæй æфтдзæн, уый.**



Юбилей алы адæймагæн дæр у бæрæгбонау. Уыцы цæстæй акæсгæйæ, иннæтæй уæлдай, цæй тыххæй хъуамæ ма уа бæрæгбоны хуызæн йæ юбилей Тускъаты Таймуразæн дæр, царды бирæ кæд басгуыхт æмæ царды бæрзæндтæм кæд схызт, уыдон æппындæр куы нæ банымайæм, уæддæр. Уымæ гæсгæ нæ интервьюйы нысан уыд йемæ аныхас кæнын, фыццаджыдæр, куыд нæ республикæйы Парламенты Сæрдаримæ, республикæйы разамонджытæй иуимæ нæ, фæлæ, куыд хуымæтæг адæймаг, не 'мбæстаг, Ирыстоны цæрæг, ныййарæг, бинонты хистæр, уыцы хуызы...

**– Адæймаг азтæ цасфæнды, бирæ уа – гыццыл, куы фæцæра, уæддæр йæ бон у, æвæццæгæн, йæ царды уыцы хайæн æмæ, уыцы рæстæг цы къæпхæнтыл ацыд, уыдонæн цавæрдæр аргъ скæнын. Хатдзæгтæ абон мах нæ кæндзыстæм, фæлæ, фæстæмæ акæсгæйæ, куыд хъуыды кæныс, цы дын бантыст, цы та – нæ? Цы азтæ бацардтæ, уыдонæн ногæй фæцæрыны, исты дзы баивыны гæнæн куы уаид, уæд сæ куыд бацардаис?**

– Кæй ацардтæн, уыцы азтæй дæн разы, ивгæ дæр ницы акæнин, уымæн æмæ мæ царды дæргъы мæ фарсмæ алкæддæр уыдысты тынг цымыдисаг адæм, бахъуаджы-иу мæ фарсмæ чи балæууыд æмæ-иу йе уæхск чи бадардта, æххуыс чи кодта, мæ алы къахдзæфæн, алы хъуыддагæн дæр чи 'мбæлд, ахæм аргъ-иу чи кодта, ахæм адæм. Уымæ гæсгæ, о, разы дæн мæ азтæй.

Цард алыхуызон у. Алы азты, царды алы рæстæджыты мæ архайд уыд алыхуызон. Мæ зæрдæмæ тынг цæуы наукон куыст, наукон-педагогон архайд кæнын. Бирæ уарзтон наукон иртасæнтæ кæнын дæр, æнтысгæ дæр мын кодта. Разы дæн, наукон архайд куы кодтон, уыцы азтæй. Уæдæ цы дæсныйад равзæрстон – экономикæ – уым дæр акодтон, мæхимæ гæсгæ, хатдзæгты аккаг къахдзæфтæ. Экономикæйы къабазы мæ куыст райдыдтон сæйраг специалистæй, стæй разамынд лæвæрдтон егъау куыстуæттæн. Уыдон сæ куыстадон хæстæ æххæст цæмæй кодтаиккой, ууыл архайдтон, æмæ æфтгæ дæр кодта.

Дарддæр та уыд политикон архайды къæпхæн. Парламенты депутат уæвгæйæ, æвзарджытимæ фембæлдтыты рæстæг хæстæгдæр зонгæ кодтон республикæйы цардимæ, нæ адæмимæ, цæмæй цæрынц, цæмæй тыхсынц, уыцы фарстатимæ. Мæхицæн мæ размæ, кæм куыстон, уыцы коллективты размæ æвæрдтон хæстæ, æмæ-иу сæ иумæйагæй æххæст кодтам.

**(Кæрон 3-аг фарсыл)**

Хицауадæй

# Æмархайды бындурыл

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барисы разамындæй цы 'мбырд арæзт æрцыд, уым æркастысты хицаудзинады æххæстгæнæн оргæнтæ æмæ Цæгат Ирыстоны Растгæнæн федералон службæйы управленийы (УФСИН) æмархайды фарстамæ.**

Бæлвырддæр зæгъгæйæ, æмбырды архайджытæ ныхас кодтой, тæрхонгонд кæмæн æрцыд, уыдоны фæллойыл бафтауыны дадон секторæн йæ бон у Цæгат Ирыстоны социалон-экономикон рæзты ахсджиаг фарстатæ алыг кæнынæн фæахъаз уæвын. Афтæ, мадзæлтты фæлгæты хъæуы æлхæнын ифтонггæрзтæ æмæ хæдзары дзаума социалон ахадындзинады уагдæттæн. Цæгат Ирыстоны архайынц Растгæнæн федералон службæйы управленийы кондадон фæзтæ, æмæ нын уый фадат дæтты паддзахадон хъуагдзинæдтæн æнæ уæлæмхасæн æндæр продукци уадзыны стыр фæлтæрддзинад.

Æмгуыстады æвæрццæг фæстиуджытæ сты контрактты бафысты цыбыр æмгъуыдтæ, бюджеты фæрæзты фæстауæрц, стæй заказгæнæгæн, куыстытæ куыд цæуынц, уый фенын йæ бон кæй у цыфæнды афон дæр.



æмæ республикæйы рæстмæгæнæн (исправительный) уагдæтты промышленнон куыстуæтты тыххæй. Тæрхонгонд кæмæн ис, уыдон профессион ахуыртæ ацæуынц, æмæ сæ куысты сæргъы сæвæрынц, хæдзары дзаума, хуыйджыты продукци, æфсæн конструкцитæ, чысыл архитектурон формæтæ кæм аразынц, Растгæнæн федералон службæйы управленийы системæйы уыцы кондадон объектты.

Æмбырды куыд загъд уыдис, уымæ гæсгæ Растгæнæн федералон службæйы управленийы кондадон службæ йæ продукци уадзынæй республикæйы социалон уагдæтты паддзахадон заказтæ æххæст кæны.

– Республикæйы активонæй царды уагъд цæуынц национ проекттæ æмæ паддзахадон программæтæ, ам нæм ис раппæлинаг хорз бæрæггæнæнтæ. Федералон центр нын æххуыс кæны, æппæт фадæттæ дæр аразы субъекты рæзтæн. Уымæ арæзт сты, регионы Сæргълæууæг Сергей Меняйло нын нæ размæ цы нысантæ æвæры, уыдон дæр. Æмæ уынæм æвæрццæг фæстиуджытæ. Уыцы æфтауæнтимæ æргътæй сæ продукци æлхæнынæн. Æмгуыстады бæрæггæнæнтæ хъуамæ ирдæй зыной, – загъта РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар.

РЦИ-Аланийы Растгæнæн федералон службæйы управленийы разамонæджы хæдивæг **Цыбырты Георги** фехъусын кодта, тæрхонгонд кæмæн æрцыд, уыдоны раст фæндагыл æрлæууын кæныны сæйрагдæр мадзæлттæй иу кæй у куыст. Республикæйы управленимæ ис æппæт хъæугæ кондадон гæнæнтæ дæр, уыимæ – хæдзары дзаума, хуыйгæ æмæ

Дзанайты Барис бахахх кодта, цы продукци аразынц, уый хъуамæ кæй уа фидар, уыимæ – нырыккон æмæ адæмæн æхсызгондзинад хæссæг.

Уæ зæрдыл уын æрлæууын кæндзыстæм, Цæгат Ирыстоны Хицауад æмæ РЦИ-Аланийы Растгæнæн федералон службæйы управленийы 'хсæн кæй ис æмархайды бадзырд.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**




# Арфæтæ

**Зынаргъ Цæгат Ирыстоны цæрджытæ!**

*Зæрдиаг арфæ уын кæнын Уæрæсейы Федерацийы Паддзахадон Тырысайы боны фæдыл!*

*Урс-цъæх-сырх триколор у нæ бæстæйы сæйрагдæр нысаниуæгтæй иу. Æвдыст дзы цæуы йæ бирæ æнусты дæргъы истори, тых æмæ намыс, нæ раздæры фæлтæрты фæллæйттæ æмæ сгуыхтдзинæдтæ. Махæй алкæмæн дæр Уæрæсейы тырыса у нæ Фыдыбæстæйы, нæ иудзинад æмæ нæ сомбоныл иумæйаг бæрнондзинады æвдисæн.*

*Паддзахадон Тырысайы бынмæ мах фæбæрæг кæнæм нæ царды ахсджиагдæр цаутæ, нæ къухы бафтынц бæллиццаг фæллойадон æнтыстытæ, хъомыл кæнæм сабиты, æвæрæм нæ размæ стыр нысантæ нæ дарддæры царды.*

*Тырыса дзурæг у ууыл, æмæ, кæд алыхуызон адæмыхæттытæ стæм, нæ традициты, культурæйы ис хицæндзинæдтæ, уæддæр нæ истори, Фыдыбæстæмæ уарзондзинад иу сты, иу удварны хæзнатæ нын ис.*

*Абон нæ Райгуырæн бæстæйы интерестæ, йæ хæдбардзинад æмæ сæрибардзинад знагимæ карз тохы хъахъхъæнынц Уæрæсейы алы адæмыхæттыты минæвæрттæ. Сæ лæгдзинад, æхсар æмæ хъару ирдæй æвдисынц, Фыдыбæстæйы сæрвæлтау айнæг къæдзæхау фидар кæй лæууынц, уый.*

*Зынаргъ æмбæлттæ! Мæн уырны, сымахæй алчи дæр йæ хъазуатон фæллойæ, бæрнондзинадæй, æхсæнадон царды разæнгардæй архайдæй йæ ахъаззаг хай хæсдзæн Цæгат Ирыстоны, æнæхъæн Уæрæсейы дарддæры рæзтмæ, цæмæй уæм ноджы тыхджындæр, ноджы хъæздыгдæр. Уый у абон не стырдæр, ахсджиагдæр хæс.*

*Мæ зæрдæ уын зæгъы, Цæгат Ирыстоны цæрджытæ, сабырдзинад, æнæниз уæвын, сомбонмæ ныфсджынæй къахдзæф кæнын! Уæ алкæй хæдзары дæр уæд кæрæдзийы æмбарындзинад, удæнцой уаг, нæ республикæйы, æнæхъæн Уæрæсейы сæрмæ та кæддæриддæр сæрыстырæй фæйлауæд нæ иумæйаг Фыдыбæстæйы иудзинады нысаниуæг – Уæрæсейы Паддзахадон Тырыса!*

*Бæрæгбоны хорзæх уæ уæд!.*

**Сергей МЕНЯЙЛО,**
**Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæг**

**Зынаргъ æмзæххонтæ!**

*Зæрдиагæй уын арфæ кæнын нæ бæстæйы сæйрагдæр бæрæгбæттæй иу – Уæрæсейы Паддзахадон Тырысайы боны фæдыл!*

*Уæрæсейы триколор ирдæй æвдисы дугты фидар бастдзинад, у йæ абоны æмæ сомбоны æнæфæцудгæ бындур, иу кæны нæ намысджын истори. Уыцы тырысайы бынмæ æвдыстой диссаджы сгуыхтдзинæдтæ нæ фыдæлтæ, хызтысты наукæйы æрттиваг бæрзæндтæм, сæ къухы-иу бафтыдысты бæрзонд культурон æмæ спортивон бæрæггæнæнтæ. Абон дæр урс-цъæх-сырх тырыса у нæ бирæнацион паддзахады иудзинады нысаниуæг, нæ Фыдыбæстæ хæдбардзинад æмæ сæрибардзинад хъахъхъæнынмæ цæттæдзинад æвдисæг.*

*Стыр сæрыстырæй кæсæм, зæрдиаг арфæтæ сын кæнæм, сæрмагонд æфсæддон операцийы нæ хæстонтæ æхсарджынæй куыд лæууынц знаджы ныхмæ, уый тыххæй. Махæн та ам, нæ зæххыл, нæ сæйраг хæс у, цæмæй хъазуатон фæллойæ, бæрнондзинад æнкъаргæйæ, фидардæр кæнæм Цæгат Ирыстоны, Уæрæсейы экономикон æмæ удварны исбон.*

*Бæрæгбоны хорзæх уæ уæд, зынаргъ æмзæххонтæ! Мæ зæрдæ уын зæгъы сабырдзинад, æнæниздзинад, амондимæ цæрут!*

**ТУСКЪАТЫ Таймураз,**
**Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты Сæрдар**

# Кадджын уавæры

**Абон, 22 августы, нæ бæстæйы, Уæрæсейы Президент Владимир ПУТИНЫ Указмæ гæсгæ, бæрæг кæнынц Уæрæсейы Федерацийы Паддзахадон Тырысайы бон. Паддзахады алы регионы дæр бæрæгбоны кадæн арæзт цæуы æмбæлгæ мадзæлттæ.**

Республикон паддзахадон бюджетон уагдон «Хæлардзинады хæдзар»-ы кадджын уавæры сарæзтой Паддзахаддзинады урок».

Мадзалы архайдтой РЦИ-Аланийы национ политикæ æмæ æддагон бастдзинæдты министр **Бæгъиаты Алан**, Уæрæсейы Адæмты ассамблейы цæгатирыстойнаг дæлхайады сæрдары фыццаг хæдивæг, республикон æхсæнадæмон змæлд «Нæ Ирыстон»-ы сæрдар **Лагкуты Владимир**, А.С. Пушкины фыртыфыртыфырт барон **Гревениц Серж Александры** фырт (Бельги), Уæрæсе æмæ фæсарæнты хъазахъхъаг хæстонты цæдисы атаман Уæрæсейы Федерацийы минæварады **Белгийы Роман Алиев**, æфсæддон службæйы ветерантæ, уæлдæр æмæ астæуккаг ахуырадон уагдæттæ æмæ Дзæуджыхъæуы скъолаты ахуырдзаутæ. Бæрæгбоны программæ уыдис цымыдисаг, хъæздыг – зард, кафт, инструменталон æмæ хореографион номертæй. Ноджы ма йæ архайджытæ бакастысты Уæрæсейы Тырысайы историйы тыххæй кинонывæй скъуыддзагмæ.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

**Дзырды фарн**

***Хъæдтæ æмæ дуртæ ничима батыдта.***

*ÆМБИСОНД*

«Информ УИК»

# Разæй – мингай фембæлдтытæ, æмбарынгæнæн куыст



**Цæгат Ирыстоны райдыдта йæ куыст егъау æмбарынгæнæн проект «Информ УИК». Уæрæсейы Федерацийы Федералон Æмбырды Паддзахадон Думæйы IX æрсидты депутатты æвзæрстыты агъоммæ участокты æвзарæн къамисты уæнгтæ хæдзæрттыл зилдзысты æмæ хъæлæс кæныны тыххæй æмбарынгæнæн куыст кæндзысты.**

Ацы аз республикæйы участокты къамисты уæнгтыл бафтыд 1588 адæймаджы. Алчидæр дзы ацыд сæрмагонд ахуыртæ æмæ райста сертификат. Базонæн сæ уыдзæн сæ риуыл Уæрæсейы триколоры хуызтимæ лентытæй, сæ риуыл – бейджиктæ сæ нæмттимæ, уыдзæн сæм сæрмагонд бренды хызынтæ информацион æрмæджытимæ.

Разæй – мингай фембæлдтытæ, хъуыддаджы ныхас æвзарджытимæ, æппæт фæрстытæн дæр æмбæлгæ дзуаппытæ райсыны фадат уыдзæн алкæмæн дæр æвзарæн къамисы уæнгтæй.

Дыгуры районы къамисты уæнгтæн куысты агъоммæ арфæ æмæ фæндаг фæдзæхсты ныхæстæ загъта районы сæргълæууæг **Цагъаты Сослан.**

Сосланæн «адæмæн лæггад кæнын» хуымæтæг дзырдтæ не сты. Ацы аз уый сси III Æппæтуæрæсеон муниципалон преми «Лæггад»-ы лауреат номинаци «Лæгдзинад æмæ хъайтардзинад Райгуырæн бæстæйы фæрныгадæн лæггады», райста йæ Уæрæсейы Президент **Владимир Путины** къухæй.

Къорд азы размæ, Дур-Дуры администрацийы сæргълæууæг ма куы уыд, уæд Сослан мæлæтæй фервæзын кодта, йæ къухы хæстон гранат кæмæн уыд, уыцы сывæллоны. Фæндагон фыдбылызы чи бахауд, уыцы сывæллæттæн фыццаг æххуысы мадзæлттæ скодта æмæ сæ æвæстиатæй рынчындоныл сæмбæлын кодта.

Абон Цагъаты Сослан йе 'ргом проект «Информ УИК»-ы куыстмæ кæй здахы, уый ма иу хатт дæр дзурæг у, æцæг лæггад æмæ хи снывонд кæнын кæй райдайы адæмыл узæлдæй, алы адæймаджы фарсмæ æрбалæууынæй бахъуаджы сахат.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

Фронтæн æххуыс

# Хæстонты фарсмæ æнгом лæууынц

**Æрæфы районы цæрджытæ, куыд æмæ цæмæй сæ бон у, уымæй æххуыс кæнынц сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн.**

Фыццаг бонтæй фæстæмæ цыколайæгтæ æнгом лæууынц, Райгуырæн бæстæйы интерестæ чи хъахъхъæны, уыдонмæ. Арæзт цыдысты концерттæ, цы фæрæзтæ-иу æрæмбырд кодтой, уыдонæй æлхæдтой, фронты чи хъæуы, ахæм ифтонггæрзтæ. Иу æмæ дыууæ хатты нæ арвыстой лæппутæн гуманитарон æххуыс. Æмæ та ныр ногæй дыууæ «Газель»-ы дзаг фронты æнæмæнгхъæугæ дзаумайæ байдзаг кодтой, ис дзы цъындатæ, уæлæдарæс, бензинæй кусæг хырх, болгаркæ, хъæццултæ, фæндзгайлитрон 500 авджы нуазыны дон, хæлцы продукттæ, хихсæн химион æрмæг æмæ афтæ дарддæр.

Гуманитарон æххуыс æрæмбырд кодтой Æрæфы районы администраци, Цыколайы цæрджытæ æмæ культурæйы управленийы кусджытæ. Адæмон фронтмæ раттой гуманитарон æххуыс. Уæлдæр куыд фæбæрæг кодтам, афтæмæй, дыууæ уæзласæн «Газель»-ы. Адæмон фронт сæ хæстæгдæр рæстæг сæмбæлын кæндзæн, Запорожьейы 'рдыгæй знаджы ныхмæ чи лæууы, уыцы хæстонтыл.

Районы администраци зæрдиаг арфæ кæны, ацы хæрзаудæн хъуыддаджы чи бацархайдта, уыдонæн. Се 'ххуыс тынг хъæуы не 'хсарджын лæппуты.

**ХЪОЙБАЙТЫ Майрæн**



Фыссынц нæм

# Мæ хъуыдытæ



**О, «Рæстдзинад» кæсæг фæрнджын ирон адæм, кæд рæдийын, мыййаг, уæд мын Хуыцауы хатыр бакæнут, куыд хъæуккаг æнахуыргонд зæронд лæг, афтæ. Тыхсын мæ кæны иу дзырд, ома «хуымæтæг», цы у хуымæтæг, цы нысан кæны, кæд æй æмбæлы зæгъын, кæимæ йæ бæттæм...**

Мæнæн мæ зонд куыд амоны, афтæ уын æй бамбарын кæндзынæн æмæ, кæд раст нæу мæ хъуыды, уæд, куыд растдæр у, афтæ мын æй бамбарын кæнут сымах. Цалынмæ ма æгас дæн, уæдмæ æнхъæлмæ кæсдзынæн дзуапмæ. Мæнæ уый та ма адрис: Цхинвал. Знауыры район, хъæу Вахтана, мæ мыггаг, мæ ном – Кокойты Муссæ. Ацы дзырды тыххæй æз нæхи газет «Хурзæрин»-мæ дæр мæ хъуыдытæ арвыстон, фæлæ ницы фæивта.

Ныр мын сымах бамбарын кæнут, куыд растдæр æмæ куыд хуыздæр у, уый. Арæх, адæмы койгæнгæйæ, фæзæгъынц афтæ: «мæнæ хуымæтæг адæм», «мæнæ хуымæтæг адæм афтæ хъуыды кæнынц» «мæнæ хуымæтæг адæм афтæ зæгъынц» æмæ афтæ дарддæр. Æцæг ахуыргонд ирон лæг дзырддзæугæ адæмы хуымæтæг не схондзæн.

Зæгъдзæн нæ кусæг, фæллойгæнæг адæм, нæ фæрнджын адæм, нæ дарæг адæм. Ацы фарст ма æз иу адæймагмæ раттон, æмæ йæ дзуапп уыд ахæм, ома уырыссæгтæ дæр афтæ фæхонынц æмæ фæзæгъынц сæ адæмæй. Уырыссæгтæн, чи зоны, се 'взаг æндæр нæ арæхсы, нæ ахады, нæ кæрды, уæд мах уыдоны цæмæн фæзмæм. Уæдæ, мæ хъуыдымæ гæсгæ, хуымæтæг нæдæр цæрæгойтæй ис, нæдæр зайæгойтæй зæгъæн, уыдон сты æрдзы сконд, æмæ сæ алчидæр йæ бынаты хъæугæ у. Уæд адæмы куыд ис хуымæтæг схонæн?

Мæнмæ гæсгæ, хуымæтæг дзырдимæ сбæттæн ис æрмæджытæй конд мигæнæнтæ, кусæнгæрзтæ, дарæс æмæ хæринæгтæ дæр. Хуымæтæг, гæнæн ис, æмæ мæхæдæг мæхи схонон, фæлæ нæ адæмы хуымæтæг схонон, уый мæм раст нæ кæсы.

Ирон æвзаг у диссаджы хъæздыг, рæсугъд, аивадон, æппæты 'рдæм арæхстджын. Фæлæ мах, ирон адæм, цыдæр Хуыцауы æлгъыст фестæм æмæ нæхæдæг нæхи нæ сæрмæ нал хæссæм. Не 'взаг, не 'гъдæуттæ къæхты бын кæнæм, æндæр æвзæгтæ æмæ æгъдæуттæ та уæлдæр æвæрæм.

Дунейы алы къуымты цæрæг адæмтæ кæрæдзийæ хицæн кæнынц, фæлæ мах та хъуамæ цæмæй базоной. Нæхи рæсугъд худ, аив дарæс нал дарæм, нæхи рæсугъд, фæрнджын музыкалон æвзагæй нал дзурæм, нæхи мыггаг мадæлон æвзагыл нал фыссæм. Худинаг цы у, уый нал зонæм. Ацы хъуыддаг худинаг у æппæт ирон адæмæн, уæлдайдæр та – бæрнон бынæтты кусджытæн.

Цымæ уый гæнæн нæй, æмæ, ирон лæг йæ ноггуырд сывæллоны арæндонæй куы рахæссы, уæй ын йæ мыггаг мадæлон æвзагыл цæуылнæ фыссы? Кæнæ нæ, чи амæлы, уымæн йæ цыртыл иронау йæ мыггаг фыст куы уа, уæд ын ныгæныны бар нæй? Мах нæхæдæг нæхицæн знæгтæ стæм. Мах иу адæм стæм, иу 'взагыл дзурæм, нæ бон у алыхуызон вазыгджын хъуыддæгтæ лыг кæнын. Æрмæстдæр нæ бафæндæд...

**КОКОЙТЫ Муссæ, Хуссар Ирыстон**

Конкурс

# Уæлæмхасæн ахуырады æнтыстдзинæдтæ



**4-æм Æппæтуæрæсеон сывæллæтты экологон форумы кæронбæттæнмæ рацыд Цæгат Ирыстоны командæ дæр.**

Дзæуджыхъæуы Уæлæмхасæн ахуырады республикон центр, национ проект «Фæсивæд æмæ сывæллæттæ»-йы фæлгæты архайгæйæ, бацæттæ кодта проект «Скъола – æнæниздзинад æмæ ногдзинæдты фæзуат».

Экспертон совет æркаст регионалон командæты проекттæм Уæрæсейы алы къуымтæй æмæ сбæрæг кодта архайджыты. Уыдон фембæлдзысты сентябры форумы дыккаг къæпхæны. Конкурсон куыстытæм æркасты фæстæ дыккаг къæпхæнмæ рацыдысты командæтæ Уæрæсейы Федерацийы 51 регионæй. 17 номинацийы сбæрæг кодтой, æппæтæй фылдæр хъæлæстæ чи 'рæмбырд кодта, æртыгай ахæм проекты.

Скъоладзаутæ бацæттæ кодтой æрдз æмæ цæрæгойты бахъахъхъæныны, экологон зонындзинæдтæ, экотуризмы рæзт, нымæцон технологитæ æмæ æндæр къабæзтимæ баст хъæппæристæ.

Цæгат Ирыстоны Уæлæмхасæн ахуырады республикон центры командæ «Æрдз хъахъхъæнджытæ» сæ проект ««Скъола – æнæниздзинад æмæ ногдзинæдты фæзуат»-имæ тох кæндзысты номинаци «Зæлдфæлындæны хуыздæр проект»-ы уæлахиздзау суæвыныл. Скъолайы фæзуаты зæлдфæлынды руаджы сывæллæттæ бацæттæ кодтой хæрзвадат ахуырадон фалдзусад саразыны хъæппæрис.

Ирыстойнаг ахуырдзаутæм ныр кæсы Магнитогорскы проект бахъахъхъæнын, фæлтæрддзинадæй бахай кæнын æмæ ног хъуыдытæ равдисын. Дарддæр уыдзæн сæйрагдæр мадзал – кадджын уавæры схорзæхджын кæндзысты уæлахиздзауты.

**РЦИ-Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрад**

# Арфæтæ

## Сергей Меняйлойæн

**Зынаргъ Сергей Иванович!**

***Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон театры коллектив, йæ сæргъы йæ аивадон разамонæг Уалыты Гиви æмæ театры директор Дудайты Чермен, афтæмæй дын зæрдиаг арфæ кæны дæ райгуырæн боны фæдыл! Мах стыр аргъ кæнæм дæ иудадзыг æххуысæн нæ коллективæн, райгуырæн Ирыстоны культурæ æмæ нæ удварны хæзнаты рæзтмæ кæддæриддæр стыр æргом кæй здахыс, уымæн.***

***Мах театрæн ахæм æххуысæн ис уæлдай ахадындзинад. Уый фæрцы нын фадат фæци нæ национ театралон аивадимæ, нæ республикæйæ уæлдай, дæрддзæф регионты цæрджыты дæр зонгæ кæнынæн. Æнæ уымæй цы гастрольты уыдыстæм æмæ ма уыдзыстæм, уыдон саразынæн ницы гæнæнтæ уыдаид.***

***Дæ бæрæгбоны дын нæ зæрдæ зæгъы ног æнтыстытæ, дæ иузæрдион æмгуыстгæнджытимæ нæ республикæйы, нæ бæстæйы хорзæн цыдæриддæр снысан кодтай, уыдон царды æрцæуæнт. Дæ куысты бæрæггæнæнтæй дæ зæрдæ рухс уæд, сæрыстыр дзы уæвгæйæ! Дæ фарсмæ кæддæриддæр уæнт, чи дæ 'мбары, дæ нысантæ царды рауадзыны хъуыддаджы демæ æмдзу чи кæндзæн, фидар æнцой дын чи уыдзæн, ахæм адæм!***

## Тускъаты Таймуразæн

**Зынаргъ Таймураз!**

***Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон театры коллектив дын дæ юбилейы фæдыл зæрдиаг арфæ кæны!***

***Ахадгæ уынаффæтæ хæссæг адæймæгтæ культурæ канд хицæн къабазыл нæ, фæлæ, æхсæнады удварнон царды удæгас бындурыл кæй нымайынц, национ театр уымæй уæлдай райгонд у. Алыхуызон ахсджиаг паддзахадон бынæттæ ахсгæйæ, дæхи равдыстай æнæхин, рæстагон адæймагæй. Ирон театрмæ æргом кæй здахыс æмæ йын æххуыс кæй кæныс, уыдæттæн сыгъдæг зæрдæйæ аргъ кæнæм. Хорз зæрдæйы уаг нæм кæй дарыс, уый фæрцы сфæлдыстадон коллективы уырны, нæ фæллой ахадгæ кæй у, национ æгъдæуттæ, æвзаг æмæ культурон бынтæ та иумæйагæй хъахъхъæнинаг кæй сты, уый.***

***Нæ зæрдæ дын зæгъы фидар æнæниздзинад, удварнон хъару æмæ фæрныгад, дæ куысты бæрæггæнæнтæй райгонд куыд уай, афтæ. Уадз æмæ царды алы ног аз дæр дын зæрдæхæлар, ахадгæ хъуыддæгтæн ног фадæттæ гом кæна! Дæ юбилейы хорзæх дæ уæд!***

***Зæрдиаг арфæтимæ, Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон театры коллектив.***

***Цæгат Ирыстоны Тæбæхсæуты Балойы номыл паддзахадон академион театры пресс-службæ***

Коммуналон хæдзарад

# Хæтæлтæ ивынц

**Донæй Черменыхъæу, Куырттат, Астæуккаг Дачнæй, стæй Камбилеевкæ æмæ Октябрыхъæу чи 'фсады, нæ республикæйы Доны хæдзарады унитарон куыстуат Черменыхъæуы уыцы базæрондуæвæг донуадзæн хæтæлты хай ногтæй баивта.**

Фæндзай азæй фылдæр кæуыл цæуы, специалисттæ уыцы донуадзæн хæтæлтæ къæпхæнгай ивынц (æппæтæй цауддæр уавæры чи ис, раздæр ивд æрцæуынц уыцы хæтæлтæ). 315 миллиметры кæй диаметр у, æрæджы 208 метры дæргъæн ахæм æндон хæтæлтæ нырыккон полиэтиленон хæтæлтæй баивтой. Уымæй уæлдай, раууатмæ 'рцæуæг дыууæ æхгæнæны дæр ивд æрцыдысты. Амынд куыст æххæст кæнынц ссæдз адæймаджы бæрц. Объекты архайынц дыууæ экскаваторы, уæзисæн кран, ассенизатор æмæ донцъирæн помпæтæ.

– Донуадзæн системæ цæмæй ногæй нывыл уагæй скуса, уый тыххæй специалисттæ æмбисæхсæвмæ базæрондуæвæг донуадзæн хæтæлтæ ногтæй ивтой. Донифтонгады системæйы куыст къæпхæнгай нывыл кæны, – загъта Донифтонгад æмæ дон иуварсуадзæг республикон куыстуаты минæвар.

**Нæ уацхæссæг**

Приложение

**Информация**
**о датах публикации предвыборных агитационных материалов политических партий, зарегистрировавших федеральные списки кандидатов в периодическом печатном издании ГБУ «Редакция газеты «Рæстдзинад»**

| № п/п | Наименование политической партии | Даты публикации предвыборных агитационных материалов | Номер полосы |
|---|---|---|---|
| 1. | **Политическая партия КОММУНИСТИЧЕСКАЯ ПАРТИЯ «КОММУНИСТЫ РОССИИ»** | 25.08.2026 | 2 |
| 2. | **Политическая партия «РОССИЙСКАЯ ПАРТИЯ ПЕНСИОНЕРОВ ЗА СОЦИАЛЬНУЮ СПРАВЕДЛИВОСТЬ»** | 26.08.2026 | 2 |
| 3. | **Политическая партия «НОВЫЕ ЛЮДИ»** | 27.08.2026 | 2 |
| 4. | **КПРФ - политическая партия «КОММУНИСТИЧЕСКАЯ ПАРТИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ»** | 01.09.2026 | 2 |
| 5. | **Социалистическая политическая партия «СПРАВЕДЛИВАЯ РОССИЯ»** | 08.09.2026 | 2 |
| 6. | **Политическая партия ЛДПР — «ЛИБЕРАЛЬНО-ДЕМОКРАТИЧЕСКАЯ ПАРТИЯ РОССИИ»** | 09.09.2026 | 2 |
| 7. | **Политическая партия «Российская экологическая партия «ЗЕЛЁНЫЕ»** | 10.09.2026 | 2 |
| 8. | **Всероссийская политическая партия «ЕДИНАЯ РОССИЯ»** | 15.09.2026 | 2 |
| 9. | **ВСЕРОССИЙСКАЯ ПОЛИТИЧЕСКАЯ ПАРТИЯ «ЮДИНА»** | 02.09.2026 | 2 |
| 10. | **Политическая партия «ПАРТИЯ ПРЯМОЙ ДЕМОКРАТИИ»** | 03.09.2026 | 2 |

**Информация**
**о датах публикации предвыборных агитационных материалов зарегистрированными кандидатами по одномандатному избирательному округу Республика Северная Осетия-Алания — Северо-Осетинский одномандатный избирательный округ №30 периодическом печатном издании ГБУ «Редакция газеты «Рæстдзинад»**

| № п/п | Фамилия, имя, отчество зарегистрированного кандидата | Даты публикации предвыборных агитационных материалов | Номер полосы |
|---|---|---|---|
| 1. | Бестаев Сослан Вигентиевич | 25.08.2026<br>15.09.2026 | 2/ место на полосе |
| 2. | Цкаева Земфира Аслановна | 26.08.2026<br>10.09.2026 | 2/ место на полосе |
| 3. | Кучиев Алан Заурович | 27.08.2026<br>09.09.2026 | 2/ место на полосе |
| 4. | Дудати Чермен Аланович | 01.09.2026<br>08.09.2026 | 2/ место на полосе |
| 5. | Мамукаев Алан Сергеевич | 25.08.2026<br>15.09.2026 | 2/ место на полосе |
| 6. | Таймазов Артур Борисович | 26.08.2026<br>10.09.2026 | 2/ место на полосе |
| 7. | Фидаров Таймураз Камболатович | 27.08.2026<br>09.09.2026 | 2/ место на полосе |
| 8. | Хубулов Яков Юрьевич | 01.09.2026<br>08.09.2026 | 2/ место на полосе |

# Тускъаты Таймуразы царды диалектикæ

(Райдайæн 1 фарсыл)

Кæй фæцардтæн, уыцы 60 азæн аргъ кæнгæйæ, «бузныг» зæгъын мæ фæнды, фыццаджыдæр, Цыколайы 1-æм скъолайы цæттæгæнæн къласæй райдайæгæйæ æмæ уымæй дарддæр мæ фарсмæ чи уыд, уыдонæн се 'ппæтæн дæр.

Куысты хабæрттæй бинонты цардмæ рахизгæйæ, мæ бон у зæгъын афтæ: бинонтæ мæ куыд схъомыл кодтой, уымæ гæсгæ алкæддæр архайдтон, цæмæй, куыд нæлгоймагæн, афтæ мын схонæн уыдаид хорз æмбал, хорз фырт, хорз сыхаг, хорз фыд, бинонты аккаг хистæр... Уыдон сты царды хуымæтæг хабæрттæ, фæлæ сæм алкæддæр тырныдтон.

Æнæ рæдыд цард нæй, уыд рæдыдтытæ дæр, кæй зæгъын æй хъæуы. Уæдæ алцы къухы æфта, науæд та – нысантæ, дæхи куыд фæнды, тагъд æххæстгонд цæуой, афтæ нæ вæййы. Уый у царды диалектикæ, æмæ адæймаджы царды йæ хъуыддæгтæ иудадзыг уыцы-иухуызон æмраст æмæ æмвæз уой, уымæн дæр гæнæн нæй. Фæлæ алкæддæр архайдтон, цæмæй æххæстгæнинаг æмæ сæххæстгонд нысантæ пайда æмæ æхцондзинад хастаиккой алыварс адæмæн. Гъе уымæ гæсгæ, кæй фæцардтæн, уыцы азтæ æндæрхуызон нæ фæцæрин, ивгæ дæр дзы ницы акæнин. Цард цæуы размæ, ивы, æмæ дзы дæн разы.

**– Уæдæ дæу схонæн ис амондджын адæймаг...**

– Уæд афтæ дæр (худы).

**– Дæ дарддæры фæндты тыххæй та цы хъуыды кæныс? Цавæр хъуыддагæй ма зæгъис, уый саразын дæр ма мын куы бантыстаид, зæгъгæ?**

– Комкоммæ бæлвырд нысантыл нæ дзурдзыстæм, фæлæ сæйраг у, иу хъуыддаг – адæймаг, цасфæнды куы рацæра, уæддæр хъуамæ размæ тырна, кусынæй æмæ цæрынæй ма фæллайа. Иу ран æрлæууыны бар нын нæй. Адæймаг азтæ куы рацæра, уæд йæ сæйраг хæс, мæнмæ гæсгæ, хъуамæ суа йæ бынатмæ аккаг фæлтæр бацæттæ кæнын – куысты дæр, æхсæнады дæр, бинонты мидæг дæр. Уымæ гæсгæ мæ размæ æвæрд хæстæй иу у, цы зонын, цы фæлтæрддзинад мæм бамбырд, уый, кусгæ-кусын, гыццылгай æрыгон фæлтæрæн дæттын æмæ амонын. Алчидæр нæ у, аргъ кæмæн нæй, нæ уыцы национ хæзнатæ хæссæг, æмæ уыцы хæзнатæ кæстæртæн адæттын, патриотизмы бындуртыл сæ хъомыл кæнын – уымæй аразгæ уыдзæн нæ бæстæйы фидæн, нæ республикæйы фидæн, æппынфæстаг, нæ алкæйы фидæн дæр. Фидæн аразæг уыдон сты, æмæ, дæс, ссæдз, æртын азы фæстæ нæ республикæ куыд рæздзæн æмæ размæ куыд цæудзæн, уый аразгæ у абоны æрыгон фæлтæрæй, Ирыстоны фидæны хæрзæбонæн æй куыд бацæттæ кæнæм, уымæй. Æмæ сын уыцы хуызы царды фæндаг амонын мæхицæн нымайын сæйраг хæсыл.

**– Алы адæймаг дæр йæ фыццаг къахдзæфтæ акæны бинонты 'хсæн, алцæйы ратæдзæн-райдайæн дæр сты бинонтæ. Цавæр уыдысты, Тускъаты Таймураз кæм схъомыл, уыцы бинонтæ?**

– Гъе ныр мæ бон æцæгæйдæр у зæгъын, амондджын адæймаг кæй дæн, уый. Амондджын та дæн мæ хистæртæй, чи мæ схъомыл кодта æмæ мæ алыварс чи уыд, уыцы хистæртæй. Æнæдызæрдыгæй, мæ хъомыладæн мын уыдон сарæзтой æппæт уавæртæ дæр. Ома, материалон уавæртæ нæ, фæлæ бацархайдтой ме 'ппæтвæрсыг раст хъомыладыл. Ууыл сæйраг дзуапдæтджытæ уыдысты мæ баба æмæ мæ нана, уымæн æмæ цыппараздзыдæй баззадтæн сæ къухы. Мæ ныййарджытæ уæлдæр ахуыргæнæндæттæ каст фæуыны фæстæ, раздæр куыд уыд, афтæ æрыгон специалисттæй кусынмæ æрвыст æрцыдысты Хъалмыхъты Республикæмæ. Уым куыстой, мæ фыд – «Советон Хъалмыхъы 40 азы»-ы совхозы сæйраг механикæй, мæ мад та – районы рынчындоны сæйраг дохтырæй. Семæ акодтой мæ кæстæр хойы, æз та баззадтæн мæ нана æмæ мæ бабаимæ. Мæ нанайæн уыд бирæ хотæ æмæ æфсымæртæ, æмæ, утæппæт хистæрты 'хсæн хъомыл кæнгæйæ, зонгæ кодтон мæ алыварс цардимæ æмæ адæмы 'хсæн философон ахастдзинæдтимæ. Мæ ныййарджытæ нырма æрыгон уыдысты, æмæ-иу мæ исчи куы афарста хъæуы, кæй лæппу дæ, зæгъгæ, уæд-иу мæхи амыдтон мæ фыдымадæй, Дебæйы, зæгъгæ (уыд Цориты чызг, хъæуы йын уыд стыр кад, се 'ппæт дæр æй зыдтой, уыд базарады къабазы кусæг), æмæ-иу уæд, кæй лæппу дæн, уый уыд æмбæрстгонд. Мæ фыдыфыд Тускъаты Мухарбег та уыд советон æфсады афицер. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты размæ каст фæци рабфак Мæскуыйы, куыста ахуырады къабазы. Хæст куы райдыдта, уæд ма каст фæци фисæтæгæфсæддон училищæ дæр æмæ кæстæр лейтенанты цины ацыд хæстмæ. Хæцыд 1942 азæй 1944 азмæ, фæмард Севастополы, Сапун-хох знагæй байсыны хæстыты.

Дæнцæгæн хæссинаг мын уыд мæ мадыфыд Хуасдзауты Дзамбулат дæр. Уый дæр уыд хæсты архайæг. Бахауд уацары, куы сæ суæгъд кодтой, уæд хæцыд дарддæр знаджы ныхмæ. Уыд дæс сывæллоны схæссæг фыд, уыдонæй цыппар райгуырдысты, хæстæй куы сыздæхт, уæд. Фæллой нымадта хъомылады ахсджиагдæр фæрæзыл. Æз-иу йемæ бирæ рæстæг æрвыстон. Уыд æм бæх æмæ уæрдон, махыл-иу æрбаздæхт, æмæ иумæ цыдыстæм быдырмæ, хъæуонхæдзарадон алыхуызон куыстытæ кæнынмæ. Куыд ныхасæмбал, афтæ уыд тынг цымыдисаг. Мæныл уæд цыд 13-14 азы, æмæиу не 'хсæн политикон ныхас бацайдагъ, арæх-иу быцау ныхас дæр расайдта.

Гыццыл лæппуйæ мæ зæрдыл бадардтон мæ хистæрты цардыуаг, сæ амонæн ныхæстæ. Æмæ ныхæстæ кæд раст уыдысты æмæ кæд уыдон дæр хъæуынц, уæддæр ноджы тынгдæр та кæстæры хъомыладæн ахъаз у хорз хистæры цæвиттон. Хистæры ми кæстæрæн у дæнцæг, æмæ уыцы ми раст куы уа, уæд кæстæрæн дæр æнæхорз уæвынæн нæй. Абон мæхæдæг дæр уыцы кармæ схæццæ дæн, ис мын кæстæры кæстæртæ, уымæ гæсгæ, мæхи хистæрты мæ зæрдыл даргæйæ, æмбарын, рæдийыны бар мын кæй нæй, уый.

**– Уырны мæ, дæ кæстæртæн цæвиттонæн хæссыны аккаг хистæр кæй ис, уый...**

– Мæ зæрдæ дарын. Мæхи хистæрты тыххæй дарддæр куы ныхас кæнон, уæд мæ ныййарджытæ сыздæхтысты, 2-æм къласы куы ахуыр кодтон, уæд, ома, æртæ азы мæ хъомыл кодтой мæ баба æмæ мæ нана. Мæ сывæллоны бонтæ мæ зæрдæйы баззадысты рухс æнкъарæнтæй. Уæлдай тыхми никуы бавзæрстон, хъомыл кодтон сæрибар æнкъаргæйæ, фæлæ мæ хæстæ дæр уыдысты бæлвырд. Æппæты фыццаг – ахуыр, уыимæ, иттæг хорз ахуыр. Ома, уый карз уынаффæйы хуызæн нæ уыд, стæй цавæрдæр диссаджы стыр æнтыстыл нымад дæр нæ уыд, фæлæ уыд, рагагъоммæ бæлвырд чи у, æнæ уæлдай ныхасæй æххæстгæнинаг ахæм хуымæтæг хъуыддаг. О, ныхасæйиу мæ разæнгард кодтой, фæлæ диссаджы æппæлд кæной, ахæмæй никуы ницы уыд. Хъуыды кæнын, 6-æм къласы куы уыдтæн, уæд ахуыры азы æртыккаг хайы бæрæггæнæнтæм гæсгæ мын уыд цыппар «4»-ы, æмæ мын нæ бинонтæ афтæ бакодтой, æппындæр, дам, нал ахуыр кæныс. Мæхимæ дæр хъуыддаг хорз нæ каст æмæ мæхицæн загътон: уавæр у растгæнинаг. Уæдæ хæдзары куыстытæй мæм цы хауд, уый дæр уыд бæлвырд, æмæ сæ кодтон: цæхæрадон скъахын, фосмæ базилын, сæ бынтæ æфсайын æмæ сын хос дæттын – 6-æм къласæй фæстæмæ уыцы куыстытæ хаудтой мæнмæ, дзурын мын сæ нæ хъуыд. Фæстæдæр мæ фыдимæ цыдтæн хос кæрдынмæ, суг састон. Фæлæ-иу мæ куыстытæ куы бакодтон, уæд цыдтæн хъазынмæ, ме 'мбæлттимæ-иу нæхи Æрæфы доны найынмæ цыдыстæм, æмæ-иу мын æмгъуыд æвæрд никуы уыд. Мæ фыдымад Дебæйы ме 'мбæлттæ дæр бирæ уарзтой, хæдзармæиу нæм æхсызгонæй цыдысты.

**– Абоны фæсивæд... Йемæ хорз зонгæ дæ, дæ куыст, дæ цардыуаг йемæ баст у, уæлдайдæр раздæр, æмæ цавæр у, дæумæ гæсгæ?**

– Историйы, нæхи адæмы историйы кой куы кæнæм, уæд нын уый цы стыр æмæ цытджын нæмттæ ныууагъта, – нæ æрдхæрæны Къоста, нæ хъæбатыр инæлæрттæ æмæ æфсæддонтæ, нæ аивады, культурæ æмæ спорты хъуыстгонд архайджытæ – уыдонæй сæрыстыр уæвгæйæ, зæрдæ дарæн ис, нæ кæстæртæ уыцы хистæрты номы аккаг кæй уыдзысты æмæ сæ дарддæр дæр бæрзонд кæй хæсдзысты, уымæй. Уымæн æмæ нæ фæсивæд уыдонæн сты сæ байзæддаг.

Фæсивæдимæ бирæ рæстæг бакусыны фæстæ мæ бон зæгъын у, нæ кæстæртæ кæй сты разæнгард, коммæгæс, сæ хъомыс бирæ кæй у. Æрмæстдæр хъæуы иунæг хъуыддаг – раст сæ хъомыл кæнын. Бинонты 'хсæн, фыццаджыдæр, стæй уæд скъолайы, уæлæмхасæн æмæ æндæр ахуыргæнæндоны – царды алы къæпхæны дæр кæстæры фарсмæ хъуамæ уа раст зондамонæг хистæр. Фæсивæдæн амонын хъæуы, Райгуырæн бæстæ сын цы бирæ гæнæнтæ дæтты, уый, райдай ахуыр кæнын æмæ фæу царды гæнæнтæй. Нæ республикæйæн ис æнтыстытæ экономикæйы дæр, культурæйы дæр, спорты дæр – алы къабæзты, æмæ уыдæттæ сты нæ цытджын æмæ фидар бæстæйы фæрцы. Уый сын хъæуы амонын æмæ дзурын, кæй сты Стыр Уæрæсейы æмæ райгуырæн Цæгат Ирыстоны граждæнтæ, æмæ сын уый тыхдæттæг куыд у, афтæ сыл бæрнондзинад дæр æвæры. Уый хъуамæ æнкъарой. Идеологон æгъдауæй раст хъомылгонд кæстæр, æнæмæнг, уыдзæн æнтыстджын, царды цы дæсныйад равзара, уым дæр.






Дæсгай азтæ фæкуыстон ахуыргæнæгæй Хæххон аграрон паддзахадон университеты алы факультетты – экономикон, ветеринарон, биотехнологон факультеты, мæ къухты ацыдысты мингай студенттæ, æмæ дзы хорз миниуджытæ кæмæ нæ разынд, ахæм иунæг дæр нæ уыд. Æрмæстдæр уыцы миниуджытæ хъæуы ссарын, фенын, куырыхондæр уæвын.

Хъомылады иннæ фæрæз – спорт. Уый мæ бон зæгъын у фидарæй, уымæн æмæ бирæ азты дæргъы лæууыдтæн грекъаг-ромаг хъæбысхæсты федерацийы сæргъы æмæ уыдтон нæ фæсивæды сгуыхтытæ. Æмæ уым дæр нæ сæмбæлдтæн, хистæры ныхасмæ чи нæ байхъуса, иунæг ахæм кæстæрыл дæр.

Стыр адæймагæй, æнтыстджынæй, дæсны æмæ зонджынæй ничи райгуыры. Хъæуы хъомыладон куыст кæнын, æмæ уыцы куыстмæ æхсæнадон организацитæ дæр иуварсæй хъуамæ ма кæсой, фæлæ хъуыддаджы разæнгардæй архайой. Иу ныхасæй, фæсивæд сты, сахуыргæнæн кæмæн ис, кусын кæимæ хъæуы, нæ фидæн чи араздзæн æмæ нæ республикæйы, нæ бæстæйы сомбон кæй къухы уыдзæн, æхсæнады уыцы хай, æмæ сæм æз кæсын уыцы цæстæй.

**– Зонын æй, дæ куысты кæй æрвитыс дæ рæстæгæн йæ тæккæ фылдæр хай. Бинонтæн, науæд та, зæрдæйæн æхсызгон чи уа, цавæрдæр ахæм хъуыддæгтæн ма дзы хай баззайы? Æппынфæстаг, зæгъæм, чиныг бакæсын...**

– Чиныджы кой кæд кæнæм, уæд знон райдыдтон кæсын Эмиль Золяйы уацмыс, хуыйны «Деньги». Хæдзары нæм ис стыр библиотекæ, чингуытæ рагæй æмбырд кæнын. Кæддæр чидæр уæй кодта йæ зæронд библиотекæ, æмæ йæ балхæдтон. Ацы чиныг дæр уыд уым, æмæ йæм ацы хатт фæкомкоммæ дæн, – йæ раззаг цъарыл уыд фыст: «Дорогой сестре от брата подарок. Прочти обязательно». Æмæ мæ уыцы фæстаг хъуыдыйад сцымыдис кодта йæ бакæсынмæ. Фæлæ афтæ дæр вæййы, æмæ чиныг кæсын райдайын, æмæ йæ кæронмæ нæ фæвæййын, зæрдæ нæ фæцагайы. Фæстаг рæстæг ма бакастæн Федор Сологубы чиныг «Мелкий бес». Ныхас дзы цæуы адæмы 'хсæн ахастытыл. Уыцы ахастытæ уыдысты ахсджиаг раздæр æмæ сты ныр дæр. Ныртæккæ та кæсын Владимир Мединскийы чиныг «Мифы о Великой Отечественной войне», тынг цымыдисаг æмæ пайдайаг чиныг, уæлдайдæр фæсивæдæн, цæмæй æмбарой Фыдыбæстæйы Стыр хæсты, стæй Дыккаг дунеон хæсты Уæлахизмæ нæ бæстæйы бавæрæн. Уæвгæ, чингуытæ хъæуы кæсын – æнæмæнг æмæ бирæ.

**– Спорт дæр ма куы уарзыс...**

– Спорт – æнæмæнг. Физикон æгъдауæй дæр адæймаг йæхиуыл хъуамæ архайа. Алы бон дæр спортыл хардз кæнын сахат æмæ æрдæг, уый æнæмæнг. Мæ боны фæткмæ гæсгæ, мæ бон райдайы райсомы 5 сахаты æмæ 30 минутæй æмæ фæвæййы куы изæры 10 сахатыл, куы та – æмбисæхсæвмæ хæстæг. Фæлæ архайын æхсæз сахаты фынæй кæныныл.

**– Алцы куыд æййафыс? Суткæйы дæргъы дæ рæстæг алцæуыл афтæ раст дих кæнын дын куыд уайы?**

– Æнæ уымæй гæнæн нæй. Йæ цард рацаразын чи нæ зоны, уый, адæмы сæргъы уæвгæйæ, йæ куыст куыд хъуамæ рацараза? Уымæ гæсгæ æййафын спортæй архайын дæр, афæдз иу хатт æмбæлттимæ балцы ацæуын æмæ хохмæ схизын дæр, Ирон кæнæ Уырыссаг театры ног æвæрд спектакль фенын дæр...

**– Журналисттимæ арæх фембæлыс, æмæ дæм раттынц ацы фарст: раздæр уыдтæ республикæйы Хицауады Сæрдар, ныр дæ Парламенты Сæрдар. Цæмæй хицæн кæнынц ацы дыууæ бæрнон бынаты, зæгъгæ. Гъемæ, цæмæй? Ныхас æнцондæрыл нæ цæуы. Фæлæ дæс-фынддæс азы размæ дæм цы фæлтæрддзинад уыд æмæ абон чи ис, уыдон кæрæдзийæ хицæн кæнынц, кæй зæгъын æй хъæуы. Ныры фæлтæрддзинад дын дæ абоны куысты ахъаз у?**

– Паддзахадон куыст кæнын æнцон нæ вæййы, стæй хъуамæ ма уа. Уымæн æмæ паддзахадон фарстатæ лыг кæнын, вазыгджын ног хъуыддæгтæн, арæзтæдтæн, æндæр ахæм иумæйаг фæллойадон хъуыддæгтæн дзуапп дæттын – уый хуымæтæг æмæ æнцон нæу. Хицаудзинад у иу. Æххæстгæнæг хицаудзинад лыг кæны, экономикæ, социалон æмæ æндæр къабæзты рæзт чи домы, ахæм фарстатæ. Закъонæвæрынадон хицаудзинад та архайы уыцы фарстатæ лыг кæнынæн закъонæвæрынадон бындуртæ аразыныл. Хицаудзинады дыууæ оргæны архайынæй зындæр кæнæ æнцондæр кæм у, уымæн зæгъæн нæй. Мæ хъуыдымæ гæсгæ, адæймаг йæ хæстæ цы ран æххæст кæна, уым алы ран дæр хъуамæ уа зын. Æнцон хъуамæ макуы уа. Адæймаг, йæ куысты хæстæ æххæст кæнгæйæ, хъуамæ фæллайгæ кæна. Æндæр хуызы кусæн нæй. Фæлтæрддзинад та, азтæ куыд цæуынц, афтæ фылдæр кæны, ууыл дзырд дæр нæй. Парламент, хицаудзинад æххæстгæнæг оргæнимæ, бынæттон хиуынаффæйады оргæнтимæ иумæ архайы, адæмы царды ахсджиагдæр чи у, уыцы фарстатæ лыг кæныны гæнæнтыл. Ома, кусæм, куыд иумæйаг командæ, уыцы хуызы. Мæнæн бæлвырд у иунæг хъуыддаг: æрмæстдæр иумæ, æмдых, æмзонд, æмхъуыды æмæ æмхъару уæвгæйæ, нæ къухы æфтдзысты зæрдæмæдзæугæ бæрæггæнæнтæ.

**– Æвдæм ацы равзæрст Парламент цас куыстхъом у, дæ хъуыдымæ гæсгæ?**

– Парламенты ацы равзæрсты тæккæ райдайæнæй, 2022 азæй фæстæмæ депутаттæ иудадзыг æмбæлынц се 'взарджытимæ. Дæхæдæг æй зоныс, Парламенты Советы уæнгтæ мæй иу хатт кæй цæуынц районтæм. Кусæг балцы размæ уал комитетты уæнгтæ сæхæдæг ацæуынц, чи сæ цæуыл дзуапп дæтты, уыцы къабæзтæм хауæг объекттæм, фембæлынц бынæттон цæрджытимæ, семæ фæныхас кæнынц. Афтæмæй рабæрæг вæййынц, адæмы чи тыхсын кæны, уыцы фарстатæ. Ахæм куысты фæстиуæг вæййынц Парламенты уынаффæтæ. Уыцы бындурон документты амынддзинæдтæ куыд æххæстгонд цæуынц, уымæ цæст дарæм. Стæй та афæдз куы рацæуы, уæд уавæр ногæй сбæрæг кæнæм, арæзт цы æрцыд, уымæн аргъ скæнæм æмæ цæуæм дарддæры нысантæм. Куыст цæуы æнæрлæугæйæ, æмæ ацы ран нæ фарсмæ балæууынц хицаудзинад æххæстгæнæг оргæнтæ, бынæттон хиуынаффæйады оргæнтæ, æмæ иумæ архайæм республикæйы рæзтæн æмæ нæ адæмы цард хуыздæр кæнынæн уавæртæ аразыныл.

**– Куыд республикæйы иунæг ирон национ газет «Рæстдзинад»-ы минæвар, афтæ ацы фарст ма раттон, уый мæ бон нæу. Ныхас цæуы паддзахадон æвзæгты тыххæй закъоны проектыл.**

– Паддзахадон æвзæгты тыххæй закъоны проект цæмæй фæзына æмæ фæстæдæр фидаргонд æрцæуа, уый йæ рæстæджы уыд æхсæнады фæндон. Æвзаг у адæмы национ химбарынады ахсджиагдæр хай, йæ бындурон хæзна. Йæ рæсугъддзинад æмæ хъæздыгдзинад бахъахъхъæнын æмæ йæ фидæны фæлтæртæм адæттын махæн у нæ хæс. Стæй йæ рæзтæн, йæ ахуыр кæнынæн гæнæнтæ аразын – уый дæр у нæ хæс. Закъоны проекты фæдыл ис алыхуызон хъуыдытæ æхсæнады 'рдыгæй дæр, фæлæ мах, депутаттæ, хъуамæ бацархайæм, цæмæй амынд закъон адæмы хицæн ма кæна, фæлæ суа æхсæнад иугæнæг. Афтæ цæмæй уа, уый тыххæй нæ республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйлойы уынаффæйæ арæзт æрцыд сæрмагонд кусæг къорд. Уыцы ран ахуыргæндтæ, специалисттæ, æхсæнадон архайджытæ ныхас кæнынц æмæ фæндæттæ хæссынц не 'взаджы рæзт æмæ йæ бахъахъхъæныны мадзæлтты фæдыл. Мæхицæн та мæ размæ, куыд депутат, афтæ хæс æвæрын, адæмы иугæнæг закъон фидаргонд цæмæй æрцæуа, ууыл бакусын. Хъуыддаг алчи йæхи 'рдæм куы иваза, уæд дзы ницы рауайдзæн. Ацы фарстайы хъуамæ уæм æмзонд.

**– Республикæйы царды, æхсæнады ды дæ зындгонд адæймаг. Ахæм адæймагмæ та алыхуызон цæстæнгасæй каст цæуы. Цавæр зæрдæ дарыс критикæмæ?**

– Алкæйы хъуыдыйæн, алы адæймаджы ныхасæн дæр æз кæнын аргъ. Критикæ кæнгæйæ, æппæты фыццаг, аргъ кæнын хъæуы кæрæдзийæн, уымæй ноджы раздæр та – адæймаг хъуамæ йæхæдæг йæхицæн аргъ кæнын зона. Нæ алы ныхас дæр у æхсæнадон культурон тыгъдад аразæг. Критикæйæн бындур куы уа, уæд æй хъæуы нымайын, аргъ ын кæнын, уымæн æмæ уый дæр у цавæрдæр хъуыддаг фæхуыздæр кæныны фæрæз. Фæлæ ма йæ иу хатт зæгъын: хъуамæ йын уа бындур. Æнæфсон ныхæстæ кæнгæйæ та размæ цæуæн нæй, уыдон ныл фæстæмæ хæцынц.

**– Ацы бон уæлдай арфæ кæмæн ракæнис? Чи сты, Тускъаты Таймураз кæй фæрцы басгуыхт, уыцы адæймæгтæ?**

– Ахæм адæймæгтæ йæ царды ис алкæмæн дæр. Æмæ ранымайдзынæн цалдæр номы, цæмæй зоной, абоны онг дæр сæ стыр бузныг кæй дæн, уый. Мæ ныййарджытæй фæстæмæ мын царды зондамонджытæ уыдысты: ме скъола, мæ фыццаг ахуыргæнæг Æгкацаты Минæ, историйы ахуыргæнæг Цориты Фатимæ, мæнæн уый у интеллигент æмæ дæсны ахуыргæнæджы хуыздæр цæвиттон, Гуæцæлты-Таухъазахты Азæ – нæ къласы разамонæг, не скъолайы директор Габеты Михал.

Институты мæ фарсмæ уыдысты æмæ мын зонд амыдтой политэкономийы ахуыргæнæг Гадзауты Батырбег, Басаты Барис æмæ иннæтæ. Докторы диссертаци куы фыстон, уæд та мæ фарсмæ уыд мæ наукон консультант Мæзлуаты Витали, æмæ уымæй дæр дæн стыр арфæйаг.

Уæлдæр ахуыргæнæндон каст куы фæдæн æмæ мæ Тулæйы облæстмæ кусынмæ куы арвыстой, уæд мæ фарсмæ балæуыдысты æмæ æрыгон специалистæн æххуыс кодтой Чернскы районы агропромышленнон иугонды хицау Владимир Иваны фырт Куленко æмæ бынæттон совхозы директор Виктор Иваны фырт Опарин. Ацы аз Адæмты иудзинады аз кæй у, уымæ гæсгæ сæ кой скæнын мæм кæсы уæлдай ахсджиагдæр.

Депутат фыццаг хатт куы сдæн, уæд мæ фарсмæ уыдысты мæ фæлтæрдджын æмбæлттæ Токаты Людмилæ, Къесаты Станислав æмæ Токаты Нох. Дæн сæ стыр арфæйаг, сæ нæмттæ мæ рох никуы уыдзысты. Царды мын кæд исты бантыст, уæд сæ фæрцы, мæ фарсмæ алкæддæр зондджын, тыхджын, цæстуарзон æмæ фæлмæнзæрдæ адæймæгтæ кæй уыд, уый фæрцы.

**– Бузныг Таймураз, фембæлынмæ кæй нæ фæзивæг кодтай, уый тыххæй. Иу юбилейæ иннæмæ рæсугъдæй куыд цæуай æмæ ма дын Ирыстоны хæрзæбонæн бирæ хорз хъуыддæгтæ саразын куыд бантыса, ахæм арфæ дын Иунæг Стыр Хуыцау ракæнæд!**

**Ныхас кодта**
**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**

Спортивон фидиуæг



# Нæй рохгæнæн хæрзгæнджытæн сæ нæмттæ

**Ирыстоны боксы скъолайы сырæзтмæ зынгæ æвæрæн чи бахаста, уыдонæй иу уыд Уæрæсейы сгуыхт тренер Рæмонты Харитъоны фырт Дмитри.**

Садойнаг лæппу схъомыл хæххон уавæрты æмæ сывæллонæй рахаста æнæзивæг æмæ куыстуарзон уæвын. Уыд уæнгæй фидар æмæ фæразон. Скъолайы ахуыргæнгæйæ, фæцалх спорты цалдæр хуызæй архайынил. Уыдонæй æппæты тынгдæр бауарзта бокс æмæ хæрз æрыгонæй йæ карæнты ’хсæн раззаг бынæттæ ахсын райдыдта Дзæуджыхъæу æмæ Ирыстоны фыццаг бынат бацахсынил ерысты. Æвддæсаздзыдæй Митя (афтæ йæ хуыдтой цæрæнбонты), Дзæуджыхъæуы педагогон училищæйы ахуыргæнгæйæ, боксæй тренировкæтæ кодта Тушек Бачарашвилийы разамындæй æмæ дзы бузныг уыд кæдфæнды дæр.



Æфсадмæ йæм 19-аздзыдæй куы фæсидтысты, уæд, Хабаровскы крайы уæвгæйæ, æртæ хатты – 1957, 1958 æмæ 1959 азты ссис Дард Хурыскæсæны æфсæддон зылды чемпион уæззау уæзы. Хабаровскы крайы йын кодтой стыр аргъ, æмæ йæ службæйы рæстæг куы фæци, уæд ын дзырдтой, цæмæй уым баззайа. Зæрдæ йын æвæрдтой хорз уавæртæй, фæлæ йæ зæрдæ тырныдта йæ райгуырæн Ирыстонмæ æмæ, куы ссыди, уæд ахуырмæ бацыд Хетæгкаты Къостайы номыл педагогон институтмæ. Уым ахуыргæнгæйæ, архайдта боксæй ерысты. Уæззау уæзы дæс азы дæргъы уыд Ирыстоны чемпион, Уæрæсейы чемпионаты цалдæр хатты призон бынæттæ бацахсæг. Студент уæвгæйæ, Митя райдыдта кæстæртимæ кусын. Уæлдай лæмбынæгдæр уыд, æвæгæсæг чи уыд, уыцы кæстæртæм. Уыцы азты боксæй хи цæттæгæнæн спортивон залтæ уыдысты тынг кадавар, æмæ Митя зæрдиагæй архайдта ахæм бынæттæ саразынил. Уыцы хъуыддаджы-иу йæ фарсмæ æрбалæууыдысты йæ хорз зонгæтæ, æмæ сын бантыст цалдæр ахæм залы саразын.

1963 азы, институты ахуыр куы фæци, уæд йе ’ппæт хъарутæ сарæзта тренеры куыст кæнынмæ. Йæ зæрдиаг архайдæй йын бантыст фынддæс спорты мастер æмæ дыууиссæдзæй фылдæр спорты мастермæ кандидаттæ бацæттæ кæнын. Митя ссæдз азы бæрц уыди нæ республикæйы иугонд командæйы хистæр тренер. Йæ хъомылгæнинæгты ’хсæн уыдысты, Уæрæсе æмæ ССР Цæдисы стырдæр ерысты æнтыстджынæй чи архайдта, уыцы боксертæ Балиты Владимир, Александр Весницкий, Гуыдиаты Евгени æмæ иннæ спорты мастертæ. Уыдон Митяйыл уыдысты тынг æнувыд æмæ кæдфæнды дæр æххæст кодтой, цы сын амыдта спорты æмæ æрвылбоны царды дæр, уыцы курдиæттæ.

Балиты Владимир уый тыххæй дзырдта: «Махæн Дмитри Харитъоны фырт уыд хи фыдау. Уый махыл куыд аудыдта, куыд нæ ахуыр кодта, цы – ринджы хæцынил, цы – царды раст фæндагыл цæуынил, уый бирæйы аргъ уыд. Мах никуы ферох кæндзыстæм, цас хæрзтæ нын скодта, уыдон».

Митяйы хъомылгæнинæгтæй æртæ систы æфсады инæлæрттæ. Сæ иу, Дзусты Мурат, зæгъы: «Æз Хуыцауы лæварыл нымайын, æрыгонæй мын Митяйы хуызæн сыгъдæгуд ахуыргæнæг кæй фæци, уый. Мæ сывæллоны бонты зынтæ баййæфтон. Сидзæрæй аззадтæн æмæ, царды раст фæндагыл кæй ацыдтæн, уым уыд Рæмонты Митяйы стыр ахадындзинад. Уый мах канд боксæй хæцынил нæ ахуыр кодта, фæлæ, йæхæдæг, куыд æгъдауджын ирон лæг уыди, уыцы миниуджытыл дæр. Уый махæн уыд тренер æмæ хи фыдау зондамонæг дæр. Хуыцау зæгъæд, æмæ нæм Ирыстоны Митяйы хуызæн ахуыргæнджытæ фылдæр куыд уа!»

Нæ республикæйы спортивон цардмæ цы стыр æвæрæн бахаста, уымæй уæлдай ма Рæмонты Митя бирæ хæрзты бацыд, царды æндæр къабæзты архайгæйæ. 1990 зын азты Ирыстоны бæллæхтæй бахъахъхъæнын куы бахъуыд, уæд уым дæр уыд раззагдæртимæ.

Хъыгагæн, Рæмонты Митя бавзæрста хъысмæты уæззау цæфтæ дæр. Фæндаггон бæллæхы фæмард сты, йæ удæй фылдæр кæй уарзта, уыцы бинойнаг Зæирæ æмæ йæ лæппу Уырызмæг. Ацы уæззау цæф ын йæхи цард дæр фæцыбырдæр кодта, æмæ 2006 азы дунейæ ахицæн 69 азы карæнæй.

Рæмонты Харитъоны фырт Дмитри (Митя) цы фæцард, уым кæддæриддæр иузæрдион уыд фыдæлты хорз æгъдæуттыл æмæ кæстæрты дæр ахуыр кодта уыцы хорз миниуджытыл.

Æнæмæнг, Рæмонты Митяйы рухс ном баззайдзæн Ирыстоны спорты азфысты, куыд фæзминаг хъомылгæнæг æмæ нæ спортивон змæлдмæ стыр æвæрæн бахæссæг.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

Æхсæнад

# Уагæвæрдмæ – биноныг цæстдард

**Дзæуджыхъæуы администрацийы горæтаг хæдзарадмæ цæстдарды управленийы кусджытæ дарддæр бæрæг кæнынц, æнæбар лæвæрдæй цы ауыгъд информацион æрмæджытæ цыдис, уыцы хъуыддаг.**

Афæдзы райдайæнæй нырмæ æнæзакъонæй æвæрд рекламон конструкцитæ сæвæрын æмæ сæ аиуварс кæныны цаутæ бæрæггонд æрцыд 100. Ацы бонты ахæм конструкцитæ айстой горæты Сабырдзинады проспекты, Карл Марксы, Владикавказская æмæ Зоя Космодемьянскаяйы уынгты.

Управленийы сæйраг специалист **Дмитрий Махинько** куыд радзырдта, афтæмæй амалхъом адæймæгты ныхмæ арæзт цæуынц административон протоколтæ.

– Ис дыууæ сæйраг, техникон æмæ æддаг бакасты домæнтæн дзуапдæттæг нормативон документтæ. Уый у, Дзæуджыхъæуы муниципалон территорийы рекламон æмæ информацион конструкцитæ æвæрынæн æмæ горæты территори хæрзвадат уавæртæм рацаразынæн фæтк амонæг, уагæвæрд. Амалхъом адæймæгтæн фæдзæхсæм, цæмæй бæлвырддæр уыцы уагæвæрды документтимæ базонгæ уой, æмæ сæ уæлдай хæрдзтæ кæнын ма хъæуа. Уыцы уагæвæрд сæ алчидæр куы æххæст кæна, уæд нæ горæт дæр эстетикон æгъдауæй йæхимæ алкæйы дæр æлвасдзæн,– загъта Дмитрий Махинько.

Нæ республикæйы сæйраг сахары æддаг бакасты фæткыл куыст дарддæр дæр цæудзæн.

**Дзæуджыхъæуы администрацийы пресс-службæ**




Фæлладуагъд

# Хъæлдзæг хъазтизæр – Лескены

**Æрæфы районы Лескены хъæуы цы парчы тæлм нывылгонд æрцыд, уым сарæзтой фæлладуадзæн изæр «Гъазти изæр» национ прект «Бинонтæ»-йы фæлгæты.**




Бынæттон Культурæйы хæдзары кусджыты хъæппæрис фæцыд сæ зæрдæмæ æмæ йæ фарс рахæцыдысты хъæуы цæрджыты æппæт фæлтæртæ дæр. Хистæртæ æрымысыдысты сæ царды рагуалдзæджы рæстæджытæ, хорз кæй зыдтой, уыцы зарджытæ фехъусгæйæ, æрыгон фæсивæд кафыдысты ирон кæфтытæ, сабитæ та цъæх нæууыл хъылдымтæ кодтой.

Парк сси лескенæгты уарзон фæлладуадзæн бынат – ам фембæлынц, зæрдиаг ныхæстæ фæкæнынц. Йæ саразджытæн бантыст алы кары адæмы æрбангом кæнын.

Ацы сæрд лескенæгтæ сæ уарзон фæлладуадзæн парчы фыццаг хатт не ’рбамбырд сты хъазтизæрмæ. Æмæ, йæ саразджытæ куыд зæгъынц, афтæмæй тынг зæрдæмæдзæугæ рауад, стæй фæстаг дæр нæу, разæй ма сæм æнхъæлмæ кæсынц бирæ ахæм ирд изæртæ, ног фембæлдтытæ.

**БУТАТЫ Азæмæт**

# Дзырдбыд



**ФÆРСЫРДÆМ:** 7. Уæрдоны хай. 8. Уæлдæр ахуыргæнæндон. 11. Æрдзон фæзынд. 12. Паддзахад Европæйы. 13. Фыссæджы дæсныйад. 17. Цæппузыр. 20. Фæлмæн. 21. Хъæддаг сырд. 22. Холлаг. 23. Мин Нарты кадджыты. 24. Буары хай. 25. «... рæхыстæй нын не уæнгтæ сбастой» (Къоста). 26. Кæсаджы мыггаг. 29. Сыл саг. 31. Хойраг. 32. Æхсæрæг. 33. Коцойты Арсены радзырд. 37. Бесаты Тазейы радзырд. 41. Адæмон зарæг. 42. Рагон уæлæдарæс. 43. Брытъиаты Елбыздыхъойы драмæ «Амран»-ы архайæг. 44. Æнæниздзинад.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. Адзал. 2. Рагон найгæнæн дур. 3. Æнæсыбыртт. 4. Бæхифтындзæн дзаума. 5. Сылгоймаджы рон. 6. Италиаг скрипкæтæ аразæг. 9. Ирон фыссæджы фæсномыг. 10. Æгъуызаты Иуанейы поэмæйы архайæг. 14. Карз нозт. 15. Чысыл сынкъ. 16. Туаты Дауыты драмæ «Хæрзойты Фатъимæт»-ы архайæг. 18. Хъуызгджын цæрæгой. 19. Паддзахад Хуссар Америкæйы. 27. Æгънæджы хуыз. 28. Хъæу Цæгат Ирыстоны. 30. Базар. 34. Мамсыраты Дæбейы радзырд. 35. Спектакл «Дыууæ чындзæхсæвы» архайæг. 36. Хуымпъыр. 38. Фыдæх. 39. Згъæр телтæй быд бæндæн. 40. Хъæддаг сырд.

## Дзуаппытæ 15 августы мыхуыргонд дзырдбыдæн

**ФÆРСЫРДÆМ:** 1. Хъаугъа. 4. Сæлимæт. 7. Гадоев. 8. Лескен. 10. Стæр. 12. Ригæ. 13. Хадизæт. 15. Тыргъ. 17. Артаг. 20. Тæх. 22. Гуымыдза. 23. Æврæгътæ. 24. Гæс. 26. Сангæ. 28. Гарин. 31. Сайдахъ. 35. Æлæм. 37. Цасм. 38. Гæрстæ. 39. Футбол. 40. Уæхтæнг. 41. Залгъæд.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. Хыссæ. 2. Умар. 3. Арека. 4. Сценæ. 5. Изер. 6. Талæн. 7. Гæды. 9. «Нива». 11. Бирæ... 13. Хъæдгæс. 14. Таурæгъ. 15. Тауыс. 16. Роман. 18. Тæгæр. 19. Гутон. 20. Таг. 21. Хæс. 25. Æрдз. 27. Адæг. 29. «Инал». 30. Мæнæу. 32. Айтег. 33. Хъуаз. 34. Амонд... 36. Мæрт. 37. Цонг.


## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Выполняем ремонтные работы: шпаклевка, обои, карнизы, откосы, покраска, ламинат. Тел.: 8-989-039-78-89 (Казбек).**

**Металлоизделия: ворота, двери, навесы из лексана, металлоконструкции любой сложности. Тел.: 8-928-928-88-24.**



**Газет "Рæстдзинад"**

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**

**Инвентаризация плодового сада! Профессиональный садовод, после визуальной оценки сада, срубит старые, выработавшие свой ресурс плодовые деревья. Работаю по принципу «Как себе!» Тел.: 8-928 856-90-89; 8-928-856-90-83 (Руслан).**



Номыры радхæссæг редактор — **Хæмыцаты Морис.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;**
2-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
Корректортæ: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Кæлухты Фатимæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гаглойты Наташæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьяна Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-93-68, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не ’рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2411. Заказ № 913. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**